



N AP VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te resevwa èd pou peye asirans sante nan ane 2019 lan epi ou bezwen fòm sa a pou deklarasyon taks federal ou

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te resevwa èd pou peye plan sante ou te achte nan NY State of Health ane pase. Èd finansyè sa a te vini sou fòm yon kredi taks yo te bay "avan" ou te ranpli fòm taks ou — sa vle di, *lè ou te enskri nan plan sante ou*. Se poutèt sa, IRS mande w pou ranpli fòm IRS 8962 ansanm ak deklarasyon taks federal ou pou ou ka regle kont taks ou pou ane 2019. Ou ka jwenn Fòm 8962 nan www.irs.gov epi ou pral utilize Fòm 1095-A ki vini ak dokiman sa a pou ranpli li.

ÈD LA TE Montan avans sou kredi taks pou pèman asirans ou a te baze sou estimasyon

BAZE SOU revni fanmi ou ak enfòmasyon ki te disponib lè ou te enskri a. Lè ou ranpli

REVNI OU fòm IRS 8962 a, total kredi taks pou pèman asirans ou pral baze sou vrè revni ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi bon mache nan Konte ou abite a.

Si total kredi taks pou pèman asirans ou ki nan fòm IRS 8962 a pi piti pase avans pou kredi taks pou pèman asirans ou, ou ka oblige remèt enpe nan kredi taks la sou fòm plis taks oswa sou fòm yon ranbousman ki pi piti.

Si total kredi taks pou pèman asirans ou ki nan fòm IRS 8962 a plis pase avans pou kredi taks pou pèman asirans ou, ou ka jwenn plis èd finansyè sou fòm yon pi gwo ranbousman oswa sou fòm pi piti taks.

LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

POUKISA OU W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa

KA JWENN Platin oumenm oswa yon manm fanmi ou te enskri pou li pandan 2019. Ou

LÒT FÒM pral jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan asirans NY

YO State of Health ou a pandan 2019. Yo pa voye Fòm 1095-A pou Plan

Katastwòfik oswa pou Medicaid, Child Health Plus oswa pou Essential Plan paske plan sa yo pa kalifye pou kredi taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se **Fòm 1095-B ak 1095-C**.

POUKISA OU Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid, nan Child Health Plus, oswa nan Essential Plan nan New York nan yon moman nan ane **LÒT FÒM** 2019 lan, w ap resevwa Fòm 1095-B nan Eta New York. Si ou te enskri nan **YO** lòt tip asirans yo tankou Plan Katastwofik, Medicare Pati A oswa pati C, **kontinye** TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Ansyen Militè (Department of Veterans Affairs) oswa sèten asirans sante patwon ou patwone – w ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C lòt kote. NY State of Health bay Fòm 1095-A sèlman epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C.

FASON POU Si ou panse nou te fè yon erè nan Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health **san JWENN ÈD** pèdi tan nan nimewo **1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A oswa sou kredi taks, **ale sou sitwèb** <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>, rele NY State of Health nan **1-855-766-7860**, oswa rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo **1-888-614-5400**.

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa fòm 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **www.irs.gov**.

AVI KONSÈNAN RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivil ak lwa Eta a epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon familyal, andikap, kazyé jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiantasyon militè, viktim vyolans nan kay ak/oswa vanjans.

Si ou panse NY State of Health fè diskriminasyon avèk ou, ou kapab depoze yon plent nan: www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/ oswa voye imèl bay Diversity Management Office nan DMO@health.ny.gov.

Ou ka depoze plent dwa sivil tou nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights) pa mwayen elektwonik nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf> oswa pa lapòs oswa rele U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697). Fòm pou plent yo disponib sou www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Aranjman

NY State of Health ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike avèk nou byen, tankou:

- Telefòn tèks (Text Telephone, TTY) atravè Sèvis Relè nan New York
- Si ou avèg oswa ou gen gwo pwobleme vizyon epi ou bezwen avi yo oswa lòt materyèl ekri nan yon lòt fòma (gwo ekriti, odyo oswa done nan CD, oswa Braille), kontakte nou nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

NY State of Health ofri sèvis asistans lang gratis tou pou moun Anglè pa lang natifnatal yo, tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo oswa pou plis enfomasyon pou Aranjman ki Rezonab, tanpri rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).